



Depatman  
Sante ak  
Ijyèn Mantal

Kòporasyon  
Lopital ak  
Sante

Biwo Majistra a  
pou Zafè  
Imigran

Michael R. Bloomberg  
Majistra

Thomas Farley, M.D., M.P.H.  
Ofisye gouvènman lokal

Alan. D. Aviles  
Prezidan

Fatima Shama  
Ofisye gouvènman lokal

## YON LÈT PIBLIK POU IMIGRAN NAN NOUYÒK KONSÈNAN GRIP H1N1 AK GRIP PANDAN SEZON LAGRIP

Chè rezidan nan Nouyòk :

Sezon lagrip la rive nan vil Nouyòk, avèk grip H1N1 (« grip pòsin ») lan ki retounen. Anvan sezon livè a fini, grip pandan sezon lagrip la ki konn abitye prezante chak sezon, ka manifeste nan vil Nouyòk tou.

Majistra Bloomberg devlope yon plan pou konbat lagrip la e pou pwoteje sante tout rezidan nan vil Nouyòk, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo oswa kèlkeswa kondisyon asirans sante yo. Men kèk enfòmasyon ki ka ede w pwoteje tèt ou ansanm avèk fanmi w.

- Sonje, swen sante disponib pou tout moun nan vil Nouyòk. Fòk ou pa pè al kay doktè, al nan yon klinik oswa nan yon lopital. Kondisyon imigrasyon w pap anpeche ke yo ba w vaksen oswa ke yo trete lagrip ou genyen an. Dapre lalwa, swen medikal ou resevwa se yon bagay ki konfidansyèl.
- Pou anpeche yo trape lagrip, gen kèk moun kap bezwen pran de vaksen diferan ane sa a : youn pou grip pandan sezon lagrip la, ak yon lòt pou H1N1 an. Pou chèche konnen kilès moun ki bezwen vaksen sa yo, e pou w konnen ki kote pou pran yo, tanpri, rele 311 oswa ale sou sit entènèt la nan [nyc.gov/flu](http://nyc.gov/flu).
- Vil Nouyòk la ap ofri vaksen kont H1N1 an pou elèv ki nan lekòl elemantè pandan mwa desanm nan. Si w vle pou pitit ou pran vaksen nan lekòl li a, ou dwe ranpli fòmilè konsantman ak deteksyon lagrip yo lè pitit ou pote yo lakay ou e se pou retounen fòmilè sa yo bay lekòl la. Kowòdinatè paran yo ki nan Depatman Edikasyon an ka ede paran yo ranpli fòmilè sa yo.
- Pandan mwa desanm nan, vil Nouyòk la ap òganize tou vaksinasyon kap fèt gratis lewikenn nan klinik nan toulesan minisipalite yo. Rele 311 oswa ale sou sit entènèt la [nyc.gov/flu](http://nyc.gov/flu) pou w konn dat yo ak adrès yo. Klinik sa yo se pou :
  - ✓ Fanm ansent yo
  - ✓ Nenpòt moun ki gen ant 4 an jouk rive 24 an (pa pou timoun ki gen mwenske 4 an)
  - ✓ Nenpòt moun ki gen ant 25 an jouk rive 64 an ki gen yon pwoblèm medikal kwonik ki fè grip la vin pi danjere
  - ✓ Nenpòt moun ki abite avèk oswa kap okipe timoun ki gen mwenske 6 mwa
- Malgre w pran vaksen an, ou ka fè lòt bagay toujou pou pwoteje tèt ou ak lèzòt kont lagrip la.
  - ✓ Kouvri bouch ak nen w lè wap touse oswa lè wap estènye. Sèvi ak manch rad oswa manch chemiz ou oswa yon klinèks pou kouvri bouch ak nen w (piga sèvi ak men w).
  - ✓ Lave men w souvan ak savon e ak dlo, sitou lè w fin touse oswa lè w fin estènye. Oswa itilize pwodui abaz alkòl ki fèt pou lave men.
  - ✓ Pa rete twò pre moun ki malad.
  - ✓ Si w trape lagrip la, rete lakay ou jiskaske lafyèw la ale.
- Pifò moun refè byen vit poukont yo lè yo trape lagrip la, men maladi a ka grav, sitou si w ansent, si w se yon granmoun aje oswa si w gen lòt pwoblèm sante. Men kèk bagay pou sonje si w devlope lafyèw, tous oswa malgòj.
  - ✓ Al nan yon lopital touwsit si w gen yon ijans, tankou si w gen difikilte pou respire. Si w malad men ka w la pa ijan, yon lopital se pa pi bon kote pou w al chèche tretman. Rele 311 pou w konn lòt opsyon w genyen yo.
  - ✓ Rele yon doktè si w ansent oswa si w gen yon kondisyon medikal kwonik tankou maladi kè, defisyans iminitè, dyabèt (ou fè sik), oswa ou gen opresyon (las) ki grav.
  - ✓ Si w pa si sou sa w dwe fè, e w vle pale ak yon enfimyè, rele 311. Enfòmasyon ak sèvis yo disponib nan tout lang.

Tanpri, pa jennen pataje enfòmasyon sa a atravè nenpòt òganizasyon oswa sit entènèt ki ka difize enfòmasyon an bay moun ki dwe okouran de sèvis Vil la bay konsènan lagrip la. Mèsi anpil.

Alan D. Aviles  
Prezidan  
Kòporasyon Lopital ak Sante  
Vil Nouyòk

Thomas Farley, MD, MPH  
Ofisye gouvènman lokal  
Depatman Sante  
ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk

Fatima Shama  
Ofisye gouvènman lokal  
Biwo Majistra a  
pou Zafè Imigran